

MASSACHUSETTS COALITION FOR OCCUPATIONAL  
SAFETY & HEALTH

REZIME DWA OU GENYEN DAPRE LWA OSHA

FACTSHEET OF THE "PROTECTING WORKERS WHO EXERCISE RIGHTS"

**Dwa Pou Kondisyon Travay La Senesof**

Ou gen dwa pou travay nan kondisyon ki pap fè w malad oubyen ki pa reprezante yon danje pou ou. OSHA (Occupational Safety and Health Administration) egzije tout anplawè (patron) pou elimine tout danje ki klè oubyen trè koni.

**Dwa a Enfòmasyon**

- Ou gen dwa pou mande epi resevwa enfòmasyon de patron an sou:
- Pwodi chimik oumenm oubyen lòt travayè itilize nan tavay la
- Aksidan oubyen maladi lòt travayè swa prezan oubyen nan pase atrape nan travay la
- Achiv papye medikal ou
- Tès patron an fè pou mezire pwodi chimik, bri, ak nivo radyasyon

**Dwa pou Okouran de Danje ki Genyen nan Pwodi Chimik yo**

Patron w oblije ba ou tout enfòmasyon sou danje ki genyen nan pwodi chimik ki egziste nan travay ou avan menm ou kòmanse travay la. Espesyalman patron an dwe:

- Genyen *Material Safety Data Sheets (MSDS)* sou tout pwodi chimik swa ke w travay oubyen ekspoze ak yo la pou si w bezwen li yo oubyen yon fotokopi.
- Asire l ke tout pwodi chimik ki reprezante yon danje gen yon etikèt ki idantifye l
- Ba w fòmasyon pou ka pwoteje tèt ou ak enfòmasyon sou sou kijan pwodi chimik yo kapab afekte sante w

**Dwa pou Patisipe nan Aktivite pou Pwoteje Sante w ak Sekirite w san Patron an pa Diskrimine Kont ou**

Ou gen dwa pou mande ke anviwònman w ap travay la senesof san pè san krent. Patron an pa gen dwa transfere w, denye w yon ogmantasyon, diminye nan lè travay ou oubyen revoke w paske ou angaje nan aktivite sou sante ak sekirite nan travay la

**Dwa pou Resevwa Fòmasyon sou Sante ak Sekirite**

Patron w obilje ba w fòmasyon sou danje ki egziste nan travay la ki papab afekte sante w ak sekirite w. Pà egzamp patron an dwe ba w fòmasyon sou kijan pou manevre pwodi chimik yo ak fason pou kanpe (sispan n) machin yo.

**Dwa pou ranpli Fòm Konplent OSHA a**

Ou gen dwa pou ranpli fòm konplent OSHA a si w panse ke kondisyon travay la kapab afekte sante w ak sekirite w. Ou kapab pote plent bay OSHA swa nan telefòn oubyen alekri. Si w ta vle envite OSHA pou yo enspekte travay ou a, ou fèt pou ranpli yon fòm epi poste l ba yo nan biwo OSHA ki pi pre w la. Rele: 1-800-321-OSHA (6742) pou mande adrès biwo ki pi pre w la.

**Dwa pou Mande OSHA pou l Fè Enspeksyon nan Travay ou a**

Ou gen dwa pou mande OSHA pou l fè enspeksyon nan travay ou a. Ekri OSHA pou mande l pou fè enspeksyon nan travay ou a. Ou kapab patisipe nan pwosesis enspeksyon an pou asire w yon bon siksè.

**Men Oganizasyon ki Kapab Ede w  
Lè w Bezwen Itilize OSHA**

- Rele reprezantan sendika w, si w gen sendika nan travay ou
- Rele **MassCOSH (Committee for Occupational safety and Health)**  
(617) 825-7233. Nou pale kreyòl
- Rele OSHA nan 1-800-321-OSHA pou mande yo pou biwo ki pi pre w la

**MassCOSH**

**Massachusetts Coalition for Occupational  
Safety and Health  
12 Southern Ave.  
Dorchester, MA 02124  
(617) 825-7233**